

Nim. 202.48

**DEKRÈ EGZEKITIF**

**KONTINITE SISPANSYON AK MODIFIKASYON TANPORÈ LWA YO  
KI GEN RAPÒ AK IJANS NAN SITIYASYON KATASTWÒF LA**

**LÈ NOU KONSIDERE**, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

**LÈ NOU KONSIDERE**, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

**KOUNYE A, AN KONSEKANS**, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, konfòmman ak otorite ke Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif (Executive Law) la ban mwen pou sispann oswa modifiye pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt ajans pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen, oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas ak ijans katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas ak katastwòf sa a, avèk dokiman sa a, ap kontinye sispannyon ak modifikasyon nan lwa, ak kèlkeswa direktiv yo, ke yon direktiv annapre pa sispann, ki te fèt pa Dekrè Egzekitif 202 ak chak Dekrè Egzekitif siksesif jiska Dekrè Egzekitif 202.14 enklizivman, jan yo pwolonje li epi ja li nan Dekrè Egzekitif 202.27, 202.28, ak 202.38, la pou yon lòt peryòd trant jou jiska 5 out 2020, eksepte sa ki annapre yo:

- Sispannyon ak modifikasyon atik ak règleman, ak direktiv nou pral site yo pa'p kontinye, epi atik, kòd ak règleman sa yo an vigè nan tout anplè yo apati dat 7 jiyè 2020:
  - Sispannyon lwa sou Edikasyon 3604 (7), ak nenpòt ki direktiv ki asosye, ki pèmèt pou Komisè Edikasyon an diminye jou ansèyman yo, kòm sispannyon sa yo ak direktiv yo te ranplase pa atik, ki nan chapit 107 nan Lwa yo 2020 yo;
  - Sispannyon Seksyon 33.17 nan Lwa sou Ijyèn Mantal (Mental Hygiene Law) la ak règleman ki asosye yo nan mezi sa nesèsè pou pèmèt founisè yo itilize manm pou transpòte moun k'ap resevwa sèvis nan Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health) la oswa yon pwogram oswa founisè anba jiridiksyon Biwo Sante Mantal la pandan ijans lan;
  - Sispannyon seksyon 2800(1)(a) ak (2)(a); 2801(1) ak (2); 2802(1) ak (2); 2824(2) nan Lwa sou Otorite Piblik yo (Public Authorities Law), nan mezi li annakò ak nesèsè pou otorize direktè Biwo Bidjè Ototrite yo (Authorities Budget Office) pou li inyore dènye delè sa yo poutèt otorite eta oswa lokal la pa respekte kondisyon ki preskri yo nan seksyon sa yo pandan peryòd kote yo pibliye yon deklarasyon eta dijans ki siyen kòm sadwa; yo pwolonje sèlman nan mezi kote yo pèmèt yon otorite eta oswa yon otorite lokal yon ekstansyon swasant jou apati delè reglemantè orijinal la pou rapò sa yo;
  - Seksyon 390-b nan Lwa sou Sèvis Sosyal (Social Services Law) la ak règleman nan seksyon 413.4 ak 415.15 nan Tit 18 NYCRR;
  - Sibdivizyon 8 nan seksyon 8-407 nan Lwa sou Eleksyon (Election Law) an;

- Sispanyon Lwa sou Pwosedè Kriminèl (Criminal Procedure Law) nan limit li mande pou yon aparisyon pèsònèl akize a, epi gen konsantman, nan nenpòt ki jiridiksyon kote Tribinal la te otorize pou kòmanse aprisyon an pèsòn pa Jij Administratif an Chèf la; anplis depi ke sispanyon oswa modifikasyon nan dispozisyon lwa ki annapre yo ap kontinye:
  - Seksyon 150.40 nan Lwa sou Pwosedè Kriminèl la, modifiye ak dokiman sa pou prevwa ke delè 20 jou pou dat retou pou yon tikè aparisyon nan biwo pwolonje pou 90 jou apati dat yo resevwa tikè aparisyon an;
  - Seksyon 190.80 nan Lwa sou Pwosedè Kriminèl la modifiye pou prevwa limit 45 jou pou prezante yon zafè devan gran jiri a apre yon odyans preliminè oswa yon renonsyasyon kontinye sispann epi li sou poz pou yon lòt 30 jou;
  - Seksyon 30.30 Lwa sou Pwosedè Kriminèl la, modifiye ak dokiman sa pou egzije sispanyon rapid delè tan pwosè a rete sispann jiska tan sa yo rekonvoke jiri ti kriminèl yo oswa trant jou, kèlkeswa sa ki pita;
  - Atik 195 nan Lwa sou Pwosedè Kriminèl, sispann ak dokiman sa nan limit ke li ta entèdi pou sèvi ak aparisyon elektwonik pou kèk pledwaye, depi tribinal la fè yon ankèt konplè epi klè sou renonsyasyon an ak karaktè volontè ladan l;
  - Seksyon 190.45 ak 190.50 nan Lwa sou Pwosedè Kriminèl la, modifiye ak dikiman sa nan limit ki nesèsè pou pèmèt yon akize nan prizon fè aparisyon vityèlman ak konsèy li devan gran jiri a pou renonse iminite ak temwaye pwòp defans li, depi ke akize a chwazi pou fè sa;
  - Sispanyon Seksyon 180.80 ak 190.80 nan Lwa sou Pwosedè Kriminèl la, jan li te modifiye nan Dekrè Egzekitif 202.28, ap kontinye ak dokiman sa pou yon peryòd ki pa dwe depase trant jou nan nenpòt jiridiksyon kote pa gen yon gran jiri ki an plas; epi lè yon nouvo gran jiri an plas pou tandè ka kriminèl yo, lè sa a 180.80 ak 190.80 nan lwa pwosedè kriminèl la pa dwe sispann ankò apati yon semèn apre gran jiri fin pran plas li;
  - Sispanyon Seksyon 180.60 ak 245.70 nan Lwa sou Pwosedè Kriminèl la, jan li te modifiye dapre Dekrè Egzekitif 202.28, ki pèmèt yo itilize dekrè pwotektif yo nan odyans preliminè yo, ap kontinye ak dokiman sa pou yon peryòd trant jou; ak
  - Sispanyon Seksyon 182.20, anplis modifikasyon ki genyen nan Dekrè Egzekitif 202.28 snan seksyon 182.30 nan Lwa sou Pwosedè Kriminèl la pwolonje ak dokiman sa pou yon peryòd trant jou, nan limit ke li ta entèdi itilizasyon aparisyon elektwonik pou pledwaye krim yo, oswa aparisyon elektwonik pou odyans oswa santans preliminè;
- Seksyon lwa Lwa sou Kòporasyon Biznis (Business Corporation Law) yo 602, 605, ak 708, jan sispanyon sa yo te ranplase pa atik, jan sa ye nan Chapit 122 nan Lwa 2020 yo;
- Seksyon 39 (2) nan Lwa Bankè (Banking Law) a, kòm sispanyon sa yo te ranplase pa atik, jan sa ye nan Chapit 112 ak 126 nan Lwa 2020 yo, ansanm ak direktiv ki nan Dekrè Egzekitif 202.9 yo;
- Dispozisyon Lwa sou Asirans (Insurance Law) ak dispozisyon Lwa Bankè sispann an vèti Dekrè Egzekitif 202.13, ki kowenside ak ekspirasyon règleman ijans Sipèntandan an;
- Sibdivizyon (28) nan Seksyon 171 nan Lwa sou Taks (Tax Law) la, nan limit ke Komisè a te pwolonje nenpòt dat limit pou depo;
- Seksyon 3216(d)(1)(c) ak 4306 (g) nan Lwa sou Asirans lan, ak nenpòt ki otorite règleman ki asosye founi pa direktiv nan Dekrè Egzekitif 202.14, kòm règleman ijans ki asosye yo pa anvigè ankò;
- Direktiv ki nan Dekrè Egzekitif 202.28, jan li pwolonje a, ki entèdi inisyasyon ouvèti yon pwosedè oswa egzekisyon degèpisman nenpòt lokatè rezidansyèl oswa komèsyal, paske yo pa peye lwaye oswa yon pwosesis pou sezi nenpòt prè ipotekè rezidansyèl oswa komèsyal, poutèt yo pa peye prè ipotekè sa a, pwolonje sèlman depi li aplike a yon lokatè komèsyal oswa debite ipotekè komèsyal, paske yo ranplase li pa lejislasyon pou yon lokatè rezidansyèl, ak debite ipotekè, nan Chapit 112, 126, ak 127 nan Lwa 2020 yo; ak
- Direktiv ki nan Dekrè Egzekitif 202.10 ki gen rapò ak restriksyon, jan li amande pa Dekrè Egzekitif 202.11, ki gen rapò ak distribisyon idwoklowokin oswa klowokin, kòm konklizyon resan ak revokasyon Administrasyon Manje ak Medikaman Etazini (US Food & Drug Administration, FDA) pou otorizasyon itilizasyon ijans ki te soulaje mank ekipman pou itilizasyon medikaman sa yo ke FDA te otorize.
- Direktiv ki nan Dekrè Egzekitif 202.3 yo, ki te fèmen jwèt videyo lotri oswa jwèt kazino, jimnastik, sant kondisyonma fizik oswa kou yo, ak sal sinema, ak direktiv ki nan Dekrè Egzekitif 202.5 yo ki te fèmen pòsyon an komen andedan yo nan sant komèsyal yo vann an detay, ak tout lye amizman piblik, kèlkeswa wi ou non andedan oswa anplennè, jan li te amande a, modifiye ak dokiman sa pou

prevwa ke direktiv sa yo rete an vigè sèlman jiskaske yo pibliye yon pwochen Dekrè Egzekitif k'ap ouvri yo.

**ANPLIS DE SA**, mwen sispann oswa modifye ak dokiman sa pou trant jou jiska 5 out 2020:

- dispozisyon ki nan Atik 11-A ak 11-B nan Lwa sou Finans Eta a (State Finance Law), ak nenpòt ki règleman yo otorize anba li, nan limit ki nesèsè yo pou yo reponn ak enpak konomik, finansye, ak sosyal dirèk ak endirèk pandemi COVID-19 la.

**AN PLIS DE SA**, konfòmeman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la pou pibliye nenpòt enstriksyon pandan yon ijans nan sitiasyon katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, mwen, avèk dokiman sa a, ap pase enstriksyon nou pral site la yo pou peryòd soti ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 5 out 2020:

- Direktiv ki nan Dekrè Egzekitif 202.41, ki te sispann rediksyon ak restriksyon sou mendèv an pèsòn nan biznis ki pa esansyèl yo oswa lòt antite nan endistri oswa antite nan Faz Twa yo, jan Depatman Sante (Department of Health) a detèmine, nan rejyon ki kalifye yo, modifye ak dokiman sa sèlman nan limit ke yo kontinye entèdi sèvis manje ak restoran andedan yo nan Vil New York.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan sizyèm jou mwa jiyè nan

ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a